

AVI KONJWEN POU PRATIK KONFIDANSYALITE

Avi konjwen sa a dekri fason yo ka itilize ak pataje enfòmasyon medikal ki konsène ou, ak fason ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo.

Tanpri pran san w pou li l.

Yo ba ou Avi Konjwen sa a nan non Stamford Health ak pwofesyonèl lasante ki gen privilèj klinik ki travay nan antite ki endike anba yo (nan dokiman sa a, yo bay yo tout pote non "Nou" oswa "Nou an"). Nou konprann enfòmasyon medikal ou yo pèsònèl ak sekre. Anplis, lalwa egzije nou pou kenbe "enfòmasyon medikal pwoteje" yo sekre. "enfòmasyon medikal pwoteje" oswa "PHI" gen ladan nenpòt enfòmasyon ki kapab idantifye yon moun nou jwenn nan men ou oswa lòt moun ki gen rapò ak sante fizik oswa sante mantal ou anvan, kounye a oswa alavni, swen sante ou te resevwa, oswa peman pou swen sante ou. Nou ap pataje enfòmasyon medikal pwoteje yo youn ak lòt, si sa nesèsè, pou fè tretman, peman oswa operasyon swen sante ki gen pou wè ak sèvis yo dwe rann nan nenpòt etablisman nou yo ki endike anba a. Nou rezève dwa nou gen pou nou chanje kondisyon ki nan avi sa a detanzantan epi pou nou fè avi ki revize a antre an vigè pou tout PHI nou kenbe yo. Ou kapab mande yon kopi alekri pou dènye avi konfidansyalite nou genyen nan men pwofesyonèl swen sante nou an, oswa ou kapab jwenn li sou sitwèb nou an ki se www.stamfordhealth.org.

Yon Aranjman Swen Sante Òganize se yon gwoup antite ki gen pwoteksyon asirans k ap patisipe nan yon sistèm swen sante òganize. Antite sa yo ak moun k ap bay swen ak sèvis nan antite sa yo fè pati Aranjman Swen Sante Òganize Stamford Health:

1. Doktè ki se manm Pèsònèl Medikal Stamford Hospital yo
2. Stamford Hospital
3. Gwoup Medikal Stamford Health la
4. Stamford Health Occupational Health Services, LLC

Responsablite Nou yo

Règ Federal sou Konfidansyalite ekzije nou pou nou:

- Kenbe enfòmasyon medikal pwoteje ou yo sekre
- Enfòmè ou sou obligasyon legal ak pratik konfidansyalite nou yo, ansanm avèk dwa ou genyen yo, nan sa ki gen pou wè ak enfòmasyon medikal pwoteje ou yo
- Respekte kondisyon ki nan avi konfidansyalite sa a jiskaske nou fè chanjman nan avi sa a
- Bay aksè nan dosye yo sou fòm elektwonik san reta, avèk kèk eksepsyon

Dwa ou genyen nan zafè Enfòmasyon Medikal

- **Aksè nan Dosye Medikal ak Dosye Faktirasyon Ou yo:** Dosye Medikal ou an se pou etablisman swen sante kote ou te resevwa swen an. Men, ou gen dwa pou gade ak resevwa yon kopi dosye sante ou an oswa dosye faktirasyon ou an. Pou fè sa, tanpri kontakte biwo Jesyon Enfòmasyon Medikal Stamford Health nan 203-276-7455. Nou ka mande ou pou w fè demann ou an alekri. Nan kèk sitiyasyon, nou ka refize demann ou an. Si nou fè sa, nou pral di ou, alekri, rezon ki fè nou refize demann lan epi eksplike ou dwa ou genyen pou fè yo egzamine refi a.
- **Dwa pou Mande fè yon Koreksyon nan Dosye Ou:** Si ou kwè gen yon enfòmasyon enpòtan ki manke nan dosye sante ou an, oswa enfòmasyon ki genyen nan dosye a pa kòrèk, ou gen dwa pou mande

pou nou ajoute yon koreksyon nan dosye ou an. Demann ou an dwe fèt alekri, epi li dwe gen ladan rezon ki fè ou fè demann ou an. Pou mande fè yon koreksyon, tanpri kontakte biwo Jesyon Enfòmasyon Medikal Stamford Health nan 203-276-7455

Nou ka refize demann ou fè pou korije dosye ou an si nou pa t kreye enfòmasyon nou ap korije a, si nou kwè enfòmasyon yo deja kòrèk ak konplè, oswa si enfòmasyon yo pa nan dosye lalwa pral pèmèt ou wè epi kopye. Menm si nou aksepte fè koreksyon ou an, nou pa p siprime okenn enfòmasyon ki deja nan dosye ou an.

- **Dwa pou Jwenn yon Lis Enfòmasyon Nou Te Pataje:** Ou gen dwa pou w mande yon lis enfòmasyon nou te pataje nan enfòmasyon medikal ou yo. Lis sa a p ap gen ladan enfòmasyon nou te pataje pou fè tretman, peman ak operasyon swen sante oswa enfòmasyon nou pataje dirèkteman ak ou. Li pa p gen ladan enfòmasyon nou pataje ou te otorize, ak kèk lòt enfòmasyon nou pataje lalwa pa otorize. Lis la pa p genyen enfòmasyon nou te pataje anvan 14 avril 2003.

Demann ou an dwe fèt alekri. Pou mande yon lis enfòmasyon nou pataje, tanpri kontakte biwo Jesyon Enfòmasyon Medikal Stamford Health nan 203-276-7455.

- **Dwa pou Mande yon Limit sou Kèk Enfòmasyon nou Itilize ak Pataje:** Ou gen dwa pou mande nou limite fason nou itilize ak pataje enfòmasyon medikal ou yo. Si ou mande pou nou limite enfòmasyon nan dosye ou nou pataje ak yon plan sante pou peman oswa operasyon swen sante epi ou te peye swen sante a oswa sèvis yo ak kòb nan pòch ou, lè sa a nou pral respekte demann ou fè pou limite pati sa a nan dosye medikal ou an. Nou pral konsidere tout lòt demann yo, men lalwa pa mande nou aksepte li. Si nou aksepte li, nou ap respekte demann ou an, sof si ou bezwen tretman annijans.

Demann ou an dwe fèt alekri. Pou fè yon demann limit, tanpri kontakte biwo Jesyon Enfòmasyon Medikal Stamford Health nan 203-276-7455.

- **Dwa pou Chwazi Fason Ou Resevwa Enfòmasyon Medikal Ou yo:** Ou gen dwa pou w mande pou nou kominike avèk ou nan yon sèten manyè, tankou nan kourye lapòs oswa faks, oswa yon kote kèlkonk, tankou adrès lakay oswa bwat postal. Nou ap eseye respekte demann ou an si nou kapab ak rezon.

Demann ou an dwe fèt alekri, epi li dwe presize fason ak kote ou swete nou kontakte ou. Pou soumèt yon demann,, tanpri kontakte biwo Jesyon Enfòmasyon Medikal Stamford Health nan 203-276-7455.

- **Notifikasyon pou Vyolasyon:** Sizoka yo ta vyole enfòmasyon medikal ou yo, nou oblije enfòmè ou sou vyolasyon an.
- **Moun pou Kontakte a:** Si ou kwè yo vyole dwa ou genyen pou vi prive, ou ka depoze yon plent alekri bòkote moun ki endike anba a. Nou pa p pran okenn mezi pou vanje kont ou si ou depoze yon plent sou pratik konfidansyalite nou yo. Si ou ta renmen depoze yon plent bòkote nou oswa bòkote Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal la, tanpri kontakte Depatman Relasyon ak Pasyan nou an nan 203-276-2590.

Fason nou ap Itilize ak Pataje PHI ou yo

- **Tretman:** Nou ka itilize ak pataje enfòmasyon medikal ou yo pou bay tretman oswa sèvis, pou

kowòdone oswa jere swen sante ou, oswa pou konsiltasyon oswa referans medikal. Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo ak doktè yo, enfimyè yo, teknisyen yo, etidyan medsin yo ak lòt pèsonèl ki patisipe nan pran swen ou. Nou ka pataje enfòmasyon sou ou pou kowòdone diferan sèvis ou bezwen yo, tankou preskripsyon, tès laboratwa ak radyografi. Nou ka pataje enfòmasyon sou ou ak moun ki pa nan etablisman nou an ki ka patisipe nan ba ou swen apre ou fin egzeyate, tankou manm fanmi yo, ajans swen adomisil yo, terapet yo, mezon retrèt yo, klèje a, ak lòt moun yo. Nou ka bay plan sante ou a oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante enfòmasyon yo pou li planifye yon referans oswa konsiltasyon. Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon medikal ou yo pou nou voye avi an tan reyèl pou admisyon, egzeyat ak transfè bay pwofesyonèl swen sante, pwofesyonèl swen sante primè yo, gwoup pratik ak nenpòt antite ou idantifye ki responsab pou ba ou swen primè ki bezwen enfòmasyon pou tretman, kowòdinasyon swen oswa aktivite pou amelyore kalite.

- **Pèman:** Nou ka itilize ak pataje enfòmasyon medikal ou yo yon fason pou nou kapab resevwa peman pou tretman ak sèvis nou te bay yo. Nou ka pataje enfòmasyon sa yo avèk konpayi asirans ou an oswa yon antite endepandan nou itilize pou nou trete enfòmasyon sou faktirasyon yo. Nou ka kontakte konpayi asirans ou an pou nou verifye ki avantaj ou genyen, pou nou jwenn otorizasyon anvan, epi pou nou enfòme li sou tretman ou an pou asire nou li pral peye pou swen ou. Nou ka pataje enfòmasyon yo ak antite endepandan ki ede nou trete peman yo, tankou konpayi faktirasyon yo, konpayi ki trete reklamasyon yo, ak konpayi rekouvremant yo.
- **Operasyon Swen Sante:** Nou ka itilize ak pataje enfòmasyon medikal ou yo si sa nesèsè pou fè etablisman nou an fonksyone epi asire tout pasyan nou yo resevwa swen kalite. Nou ka itilize enfòmasyon medikal yo pou nou evalye kalite sèvis ou te resevwa yo, oswa pèfòmans pèsonèl nou an nan ba ou swen. Nou ka itilize enfòmasyon medikal yo pou nou amelyore pèfòmans nou oswa pou nou jwenn pi bon fason pou nou bay swen. Nou ka itilize enfòmasyon medikal yo pou bay pèsonèl medikal nou an privilèj oswa pou nou evalye konpetans pwofesyonèl swen sante nou yo. Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou yo pou nou deside ki sèvis anplis nou ta dwe ofri epi si tretman yo efikas. Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo ak etidyan ak pwofesyonèl yo pou yo fè egzamen ak aprann. Nou ka makonnen enfòmasyon medikal ou yo ak enfòmasyon ki soti nan lòt etablisman swen sante yo pou nou konpare pèfòmans nou epi gade ki kote nou kapab fè amelyorasyon. Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou yo pou planifikasyon biznis, oswa pataje yo ak avoka, kontab, konsiltan ak lòt moun pou nou asire nou respekte lalwa. Nou ka siprime nenpòt enfòmasyon ki idantifye ou nan enfòmasyon medikal ou yo yon fason pou lòt moun ka itilize enfòmasyon yo retire idantite w ladan yo pou etidye swen sante ak fason yo bay swen san yo pa bezwen konnen kiyès ou ye.
- **Echanj Enfòmasyon Medikal:** Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou nou resevwa oswa kreye ki gen pou wè ak ou ak lòt pwofesyonèl swen sante oswa antite swen sante, tankou plan sante w la oswa konpayi asirans sante w la, jan lalwa mande sa a, atravè Echanj Enfòmasyon Medikal (Health Information Exchanges, HIEs) nou patisipe ladan yo. Connie se HIE ofisyèl Connecticut. Connie ba nou aksè ak enfòmasyon medikal ki sòti bòkote tout pwofesyonèl swen sante ou yo nan Connecticut anvan nou detèmine plan swen w la. Sa pèmèt nou ba w yon swen ki pi sekirite epi pi efikas. Pa egzanzp, enfòmasyon sou swen medikal ou te resevwa yo ak kondisyon medikal ak medikaman aktyèl ou yo kapab disponib pou nou oswa pou pwofesyonèl swen sante primè w ki pa asosye ak Stamford Health la, si li patisipe nan HIE a tou. Nan sityasyon ijans kote ou kapab pa gen mwayen pou bay enfòmasyon, Connie pèmèt enfimyè oswa pwofesyonèl swen sante yo wè antesedan medikal ou yo byen rapid pou ou kapab pran nòt sou alèji oswa kondisyon medikal ki kapab gen yon enpak sou tretman ou a. N ap fè pwofesyonèl swen primè ou a konnen tou si ou rive entènè sa pa fè twò lontan

nan lopital la pou li kapab bay asistans suivi. N ap pataje rejis medikal pasyan Stamford Health yo yon fason otomatik gras ak Connie lè Stamford Health konekte ak HIE. Enfòmasyon medikal pasyan yo, tankou vizit, kondisyon medikal aktif, alèji, lis preskripsyon nan famasi, oswa rezilta laboratwa ak tès, pral disponib pou tout pwofesyonèl swen sante gras ak Connie.

Patisipasyon ou nan Connie pa nesèsè epi ou pa oblije pataje enfòmasyon medikal ou yo ak Connie. Ou dwe ranpli fòm "dezabònman" Connie an SÈLMAN si ou pa vle pataje nenpòt nan enfòmasyon medikal ou yo ak nenpòt pwofesyonèl swen sante w yo atravè Connie. Ou kapab jwenn fòm dezabònman Connie a sou entènèt nan <https://conniect.org/for-patients/opt-out/> oswa lè w rele 1.866.987.5514.

- **Rapèl pou Randevou ak Enfòmasyon sou Sèvis:** Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon medikal ou yo pou nou kontakte ou pou fè ou sonje randevou yo, oswa pou nou fè ou konnen chwa tretman oswa lòt sèvis sante oswa avantaj ki ka enterese ou yo. Nou itilize rapèl pou randevou nan mesaj tèks pou ede pasyan nou yo sonje randevou ki pwograme yo. Lè ou enskri antanke pasyan, ou pral gen opòtinite pou chwazi pa itilize rapèl randevou nan mesaj tèks yo. Nou pa kapab ba ou garanti mesaj tèks yo ap sekrè epi lòt moun sou telefòn ou pa p wè yo. Kidonk, si ou pa swete resevwa rapèl randevou nan mesaj tèks, tanpri kontakte klinik pwofesyonèl swen sante ou an.
- **Rejis Pasyan:** Si ou se yon pasyan nan Stamford Hospital, nou ka kenbe non ou, kote ou ye nan etablisman an, ak eta jeneral ou nan yon rejis pou nou bay nenpòt moun ki site non ou pou mande pou ou. Nou ka bay klèje a enfòmasyon sa yo ak afilyasyon relijiye ou, menm si li pa konnen non ou. Ou ka mande nou pou nou pa mete enfòmasyon ou yo nan rejis la, men ou ta dwe konnen si ou fè sa, vizitè ak vandè flè yo pa p kapab jwenn chanm ou an si ou se yon pasyan nan lopital la.
- **Moun ki Patisipe nan Ba Ou Swen yo:** Nou ka bay moun ki patisipe nan ba ou swen, tankou manm fanmi oswa zanmi yo, enfòmasyon medikal ou yo, sof si ou mande nou pou n pa fè sa. Nou ka bay yon moun ki ede peye swen ou enfòmasyon ou yo. Nou ka pataje enfòmasyon ou yo ak òganizasyon ki ap pote sekou lè gen katastwòf yo tankou Lakwa Wouj, pou yo kapab kontakte fanmi ou.
- **Aktivite pou Kolekte Lajan:** Stamford Health depann anpil sou aktivite prive pou kolekte lajan pou li sipòte misyon swen sante nou yo. Nou ka itilize enfòmasyon pou pran kontak ou yo ak dat ou pran swen yo, men se pa enfòmasyon sou tretman w lan, yon fason pou nou ka ba ou yon opòtinite pou w fè yon don bay pwogram pou kolekte lajan nou òganize yo. Si ou vle, ou kapab mande pou yo pa kontakte ou pou zafè kolekte lajan. Pou fè demann sa a, tanpri rele nan (203) 276-5900.
- **Rechèch:** Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo pou zafè rechèch medikal youn nan konsèy egzamen rechèch ofisyèl nou yo, ki te evalye pwopozisyon rechèch la epi ki te tabli nòm pou pwoteje sekrè enfòmasyon medikal ou yo te apwouve. Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo ak yon chèchè k ap prepare pou li dirije yon pwojè rechèch.
- **Don Ògàn ak Tisi:** Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon medikal ou yo ki gen pou wè ak don ògàn, grèf je oswa tisi oswa bank don ògàn yo, si sa nesèsè pou fasilite aktivite sa yo.
- **Aktivite Sante Piblik:** Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo ak sante piblik oswa otorite legal ki gen aktivite ofisyèl yo ki gen ladan prevansyon oswa kontwòl maladi, blesi oswa andikap. Pa egzansp, nou dwe siyale kèk enfòmasyon, nesans, lanmò, ak divès maladi bay ajans gouvènman yo. Nou ka pataje enfòmasyon medikal yo ak kowonè yo, medsen lejis yo, ak direktè ponp finèb yo jan lalwa otorize

sa pou yo fè travay yo. Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon medikal ou yo pou siyale reyaksyon fas ak medikaman yo, pwoblèm avèk pwodui yo, oswa fè moun yo konnen yo rantrè kèk pwodui yo ka ap itilize. Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon medikal ou yo pou enfòme yon moun ki ka te ekspozè ak yon maladi oswa ki ka gen risk pou trape oswa simaye yon maladi.

- **Gwo Menas pou Sante ak Sekirite:** Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo lè sa nesèsè pou nou evite yon gwo menas pou sante ak sekirite ou, oswa sante ak sekirite piblik la oswa yon lòt moun. N ap sèlman pataje enfòmasyon medikal yo ak yon moun ki kapab ede evite oswa diminye menas la, tankou lapolis oswa otorite gouvènman yo.
- **Lalwa Egzije, Pwosedi Jidisyè, Aktivite Siveyans Sante, ak Lapolis:** Nou pral pataje enfòmasyon medikal ou yo lè lwa federal, lwa eta oswa lòt lwa egzije nou fè sa. Pa egzanp, nou oblije siyale moun ki viktim abi, neglijan oswa vyolans nan kay yo, menm jan ak pasyan ki pran bal yo. Nou pral pataje enfòmasyon medikal ou yo lè yo pase lòd nan kad yon pwosedi jidisyè oswa administratif, tankou yon sitasyon, demann pou rechèch, manda, asiyasyon, oswa lòt pwosesis legal. Nou ka pataje enfòmasyon medikal yo ak yon otorite lapolis sou yon lanmò nou kwè ki ka se rezilta konpòtman kriminel, oswa sou konpòtman kriminel ki ka rive nan etablisman nou an. Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo ak yon ajans siveyans sante pou li fè aktivite lalwa otorize, tankou odit, ankèt, enspeksyon ak bay lisans.
- **Fonksyon Gouvènman Espesyalize:** Si ou nan lame oswa ou se yon veteran, nou ap pataje enfòmasyon medikal ou yo jan otorite kòmandman yo mande sa. Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo ak otorite federal ki otorize yo pou zafè sekirite nasyonal, tankou pwoteksyon Prezidan Etazini an oswa pou yo fè operasyon ransèyman ki otorize. Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo pou nou pran desizyon pou konnen si sante ou bon pou fè Sèvis Aletranje.
- **Prizon yo:** Si ou se yon prizonye nan yon prizon oswa ou nan men yon polisye, nou ka bay prizon an oswa polisye yo enfòmasyon medikal ou yo. Nou ka bay enfòmasyon medikal ou yo pou sante ak sekirite ou, pou sante ak sekirite lòt moun, oswa pou sekirite prizon an.
- **Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay:** Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo jan lwa sou asirans dedomajman pou aksidan nan travay ak menm lwa ki an vigè yo egzije sa.
- **Nòt Sikoterapi yo:** Nou ka itilize oswa pataje nòt sikoterapi yo pou tretman, peman oswa operasyon swen sante yo. Sa ka gen ladan nòt sikoterapi nou itilize oswa pataje pou pwogram fòmasyon nan sèvis sante mantal yo, nan defans yon aksyon nan lajistis, oswa pou kontwòl moun ki ekri nòt sikoterapi yo. Pou tout lòt itilizasyon oswa pataj enfòmasyon nòt sikoterapi ou yo, nou ap mande w otorizasyon w.
- **Maketin:** Nou pral mande w otorizasyon anvan w itilize oswa [ataje enfòmasyon medikal ou yo pou maketin, sof ke nou ka itilize enfòmasyon w yo pou fè yon diskisyon fas a fas sou yon sèvis oswa pou ba w yon kado ki gen yon valè senbolik.
- **Otorizasyon Nesèsè pou Vann Enfòmasyon Medikal Ou yo:** Si nou vann enfòmasyon medikal pwoteje ou yo, nou ap jwenn otorizasyon ou yo anvan.
- **Otorizasyon Alekri Ou:** Lòt itilizasyon ak pataj enfòmasyon medikal ou yo Avi sa a pa garanti, oswa lwa ki kontwòl nou yo, pral fèt sèlman avèk otorizasyon alekri ou. Ou ka anile otorizasyon alekri ou an

nenpòt lè, epi n ap sispann itilize ak pataje enfòmasyon medikal ou yo alavni pou rezon otorizasyon ou an pa garanti. Nou pa kapab anile okenn pataj enfòmasyon nou deja fè avèk otorizasyon ou an, epi nou oblije kenbe dosye swen nou te ba ou yo.

Pou Jwenn Plis Enfòmasyon oswa Pou Siyale yon Pwoblèm

Si ou gen kesyon sou Avi sa a, oswa

Si ou gen enkyetid sou pratik konfidansyalite sa yo, oswa

Si ou kwè yo te vyole dwa ou genyen pou vi prive, tanpri kontakte:

Ajan Pwoteksyon Vi Prive a nan Stamford Health, One Hospital Plaza, Stamford, CT 06904, oswa rele nan: 203-276-7533.

Si ou kwè yo te vyole dwa ou genyen pou vi prive, ou ka depoze yon plent tou nan Biwo Dwa Sivil, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken, Sant Gouvènman, J.F. Kennedy Federal Building --- Room 1875, Boston, MA 02203. Pa p pran okenn mezi kont ou si ou depoze yon plent.

Tanpri bay demann sou dosye medikal ou yo nan:

Stamford Health, Health Information Management Department, One Hospital Plaza, PO Box 9317, Stamford, CT 06904, oswa rele nan: 203-276-7455.